


# QARAQALPAQSTANDANǴI SHIMBAY RAYONINDAǴI AYRIM ETNOOYKONIMLAR HAQQINDA

**Nawrizbaeva Nurjamal Qudaybergenovna**
Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti stajyor-oqıtıwshısı.
https://doi.org/10.5281/zenodo.7436404

**ARTICLE INFO**

Received: 01st December 2022
Accepted: 05th December 2022
Online: 14th December 2022

**KEY WORDS**

*Etnografiya, oykonim, toponim, uruǵ, shajara, qishloq*

**ABSTRACT**

*Maqala Shımbay qalasında ushraytuǵın ayrım etnooykonimlardıń atalıwı, mánisi hám mazmunı haqqında jaratılǵan monografiyalar, ilimiy maqalalar hám dala jazıwların hártárepleme salıstırıw analiz qılıw tiykarında Shımbay etnooykonimlar haqqında ulıwmalastırılǵan juwmaq beredi.*

Jáhán geografiyalıq diziminde etnooykonimlar úlken rol oynaydı. Urıw, qáwim,millet, xalıq atları tiykarında jaratılǵan xalıq punktleri bulardıń barlıǵı óz gezegınde etnooykonimlar dep ataladı. Etnooykonimlar bular uzaq tariyxiy dáwirdiń esteligi bolıp tabıladı. Xalıq tariyxın, etnik quramın úyrenıwde olardıń tarqalıw shegarasın kórsetiwde hám anıqlawda áhmiyetli orındı iyelep kelmekte. Belgili bolǵanday házirgi kunde áyyemdegi ózinde bar bolǵan yáki qońsı eller menen baylanıslı bolǵan urıw qáwimler menen atalıwshı orınlar kópler tabıladı. Buǵan birinshi sebep, kópshilik xalıqlar áayemde ózınıń qáwimine iye bolıwı. Al, ekinshi jaǵday qońsı eller menen siyasiy hám ekonomiklıq baylanıslardıń bolıwı. Bıraq eń ashınarlı jaǵday sonnan ibarat sol áyyemnen kiyatırǵan atamalardıń joq bolıp ketıwı. Joqarıda aytqanımızday Shımbay rayonı heshqashan umıtılmaytuǵın tariyxqa iye muqaddes jer esaplanıladı. Sebebı, ol neshshe ásirler dawamında jasap kelmekte sonıń ushında onı qansha izertlesekte onıń bizge anıq emes bolǵan tárepı ashılıp bara beredi. Jánede bul jer júda kóplegen tariyxiy toponimikaǵa bay sonıń ishinde etnotoponimiklıq orınlardı kóplep ushratsaq boladı. ***Tazǵara*** toponimi haqqında Tazaǵara APJ aqsaqalı Orazbekov Perdebay, urıwı bessarı óziniń esitkenlerin menıń menen bólisti «Shımbayǵa kirer jerde Ótennıń shorı (kebir) degen jer bar qap-qara bolıp kún shıǵıp turǵanda ásirese jazda qap-qara bolıp, tazdıń basınday bolıp, jıltırap turatuǵın bolǵan hám sol ushın bul jerdı tazqara dep atap ketken.

Bul adamnıń atı emes Tazǵara dep 1995-jılı atala basladı.» [1] G.Ábishov óziniń miynetınde "Tazǵara" toponimina Tazǵara degen adamnıń atı dep sıpatlama bergen. [2] Sonıń menen bir qatarda S.Qoraev óziniń miynetinde Tazǵaranı "Tajıqara" degen adamnıń atınan kelip shiqqan dep atap ótedi. Jánede Jızzax qalasında Tazǵara degen jerdiń barlıǵı haqqında da jazıp ótkrn.[3] ***Kishi qańlı awılı***- bul awıldıń tiykarǵı bólegi qaraqalpaqtıń qańlı urıwına tiyisli wákiller turıs keshiredi. ***Qańlı urıwı***- bul qaraqalpaqlardıń On tórt urıw arısına kıredı sonıń ishinde qıpshaq qáwiminiń quramındaǵı urıw. Bıraq,ayrım dereklerde qańlı urıwı qıpshaqqa emes, qańlı qáwiminiń quramına kiredi dep aytıp ótken.[4] Jánede kórinekli ilimpaz K.Mámbetov bılay dep jazadı hám oylandırııwshı sorawdı ortaǵa taslap ótken «Al endi usınshama urıwlar qashan payda bolǵan bolıwı múmkin» Buǵan tariyxiy ilimi birgelikli juwap bere almaydı.Sebebi Túrk, monǵol tariyxiniń uzaq dáwirleri menen baylanısatuǵın atamalar qaraqalpaq qáwimlerinde emes, urıwları arasında da bar.Máselen qıpshaq taypasına kiretuǵın urıwlar arasında ushrasatuǵın qańlı menen yabı. Bul atamalar hátte biziń ásirimizdiń bas gezeginde Xorezmde óz aldına mámleket bolǵan. Olardıń kelip shıǵıw dáwiri biziń ásirimizden aldińǵı IV ásirdi óz ishine aladı. Biraq qaraqalpaq qıpshaqlarınıń ol dáwirlerge qatnası izertlenbegen. [5]Sonday-aq Qańlı urıwı haqqında basqada dereklerde kóplegen maǵluwmatlar ushrasadı. Mısalı ushın: Rashid ad- din bılay dep jazıp ótedi " Oguzxan óziniń ákesi, tuwǵan-tuwısqanları hám óziniń qáwimi menen urısadı hám talan-taraj qıladı, zatların tonaydı. Biraq tonalǵan buyımlar atlarǵa, ogizlerge sıydırıw qıyın boladı hám sonda tuwısqanlarınıń birewi yáki bolmasa jańa qosılǵanlardan bir adam shıǵıp arba soǵadı. Bul arba túrk tilinde «Qańlı» dep ataladı. Islegen insanǵa Qańlı dep at beredi hám onıń áwlatları Qańlı dep ata baslaydı" [6] Keyingi variant Abulǵazıǵa tiyislı bolıp ol óziniń «Túrkler shejiresi» degen miynetinde bilay jazıp qaldıradı "Uguzxan barıp tatardı shaptı.Tatar xanı kóp áskerleri menen kelip urıstı. Uguzxan bastı, láshkerlerin qırdı. Uguzxannıń láshkerleriniń qolına kóp óli dunya tústi, júklemekke kólik azlıq qıldı. Bir jaqsı sheber kisi bar edi. Ol pikir jurıtıp, arba soqtı. Onnan kórip bárshe arba jasadı. Dunyaların júklep qayttılar. Arbaǵa qanıq dep at qoydı. Bunnan ilgeri atıda joq edi, ózide joq

[1] Dala jazıwı. Orazbekov Perdebay. Tazǵara APJ
[2] Қ. Пахратдинов. Г.Абишов «Қарақалпақстан топонимлери сөзлиги» Н.2021
[3] С.Қораев « Узбекистон вилоятлар топонимлари» Т.2005
[4] М.Нызамов «Қарақалпақлар» биринши бөлим. Н.2020-ж
[5] К.Мәмбетов «Тарийх төркинлери» Н.1999-ж
[6] Х.Короглы «Огузский гереоический эпос» М.1976

edi. Sonıń ushın qanıq dedi, júrgende qanıq-qanıq dep dawıs shıǵarıp, onı soqqan kisini qanıqlı dedi. Bárshe qanıqlı yaǵniy qańlı eliniń áwladları usı kisiniń áwladları sanaladı” [7]Keyingi boljaw bul Uyǵırlar jazba dereklerınde ushrasadı “ Oguzxan áskerleri ishinde Barmakluk Josun Billik degen adam bolıp, ol júda shıraylı insan bolǵan. Oguz talan-taraj qılǵan elden zatların alǵan waqtında heshqanday arba, ógizlerge sıymaydı hám sol kisi arba soǵadı.Basqalarda sol soǵılǵan arbaǵa qarap arbalar soǵıp aladı. Ol arbalar ózinen qańq-qańq degen ses shıǵaradı. Oguz bul seske qarap turıp kuledi hám endı senıń atıń Kangaluk dep ataydı. [8]Berdaq babamızdıń “Shejre” sinde bılay dep keltırıledi;

Shunda Qańlı usta boldı,
Qaǵıp soǵıp arba qıldı,
Shuyit eki shuyin saldı,
Shundan Shuyit bolǵan eken.

Berdaq, urıwlar genelogiyasın hárbir qaáwim arqalı bólip qaramastan geypara mayda urıwlardıń ózide xalıq atamasın qáliplestırıwde xizmet atqaratuǵınlıǵı haqqında aytadı. Xalıqtı qáliplestırıwde eń baslı eki múshe, yaǵniy arbanı tartatuǵın arıs Qońırat penen Mańǵıt bolǵanı menen onı biriktiriwshi bólekler haqqında da aytadı.Sol tiykardan qaraǵanda hátte Qańlı hámmesınende ustın turadı. Berdaqtıń joqarıda aytıp ótkenindey Qańlı yaǵniy sol mámlekettıń ustası. Xanlıqtı biriktiriwge qatnasqan adam, al basqaları onıń bólekleri sıpatında xızmet atqaradı.[9] Bunna tısqarı Qańlı urıwı haqqında basqada dereklerde ushratıwımızǵa boladı. Bul júda eski urıwlardıń biri esaplanıladı. Sebebi bul qáwimler ataması (Yabı urıwıda bar. Biraq bul urıwǵa keyinshelik toqtalıp ótemiz) arab alımlarınıń IX ásirde dúzgen Qıpshaq qáwimleriniń ensklapediyasında da bar. Tariyxshılardıń bergen maǵluwmatına qaraǵanda Qańlılar birlespesi XII ásirde Aral jaǵalawlarında payda bolǵan. Qaraqalpaq qańlıları sonıń bir bólegi dep esaplaydı. Xalıq Shejirelerinde qańlılardı bilimlilik gilti dep esaplaydı. Bunıń ayqın dálili XIX ásirdegi Qańlı ulamaları óz bilimligi menende kórinedi. Ásirese, Erejep tentek basshılıǵındaǵı altı niy háreketleri olardıń ádil basshı bolǵanlıǵında dálileydi. [10] Onnan keyingi etnooykonim bul ***Tazǵara bessar**ı* hám ***Bessarı awıllari-*** bul orınıńda kópshilik bólegin bessarı urıw wákilleri quraydı. Bessarı urıwı qaraqalpaqtıń On tórt urıw

[7] Абулғазы «Турклер шежиреси» Н.1994
[8] Х.Короглы «Огузский гереоический эпос» М.1976
[9] Бердах «шежире»

arısı, Qıtay bólimine kiretuǵın belgili urıwlardıń biri. Bessarı urıwı ekige bólinedi. Birinshi bólimi, junlı bessarı. Ekinshi bólimi, qoylı bessarı bolıp bólinedi. Bessarı urıwınıń payda bolıwı haqqında birqansha tariyxiy maǵluwmatlar menen qosa ańız-angımelerde bar. Belgılı alım K.Mámbetov bessarı urıw haqqında tómendegi pikirlerdi bildiredi: «Bazı Shejireshileri Bessarılardıń kelip shıǵıwın Orıs biy áwladları menen baylanıstıradı»[11]

«Xalıqdıń arasınan jiynaǵan maǵluwmatımızǵa qaraǵanda bessarı bul bes sarı balaǵa arnap qoyılǵan deydi. Yaǵniy, bir awılǵa jurgen insan sol awılda bes sap-sarı balanı kóredi hám bul awıl bessarı awılı bolsın dep usınıs beredi.» [12] Bizińshe, K.Mámbetovtıń aytıp atırǵan Orıs biyi Wayıs biy bolıw múmkin. Sebebı ol tikkeley anna urıwı menende baylanıslılıq tárepi bar ol ushın Anna urıwın kórip shıǵıwımızǵa tuwr keledi ***Álimbet Anna awılı*** bul orınnıń tiykarın salıwshı Álimbet degen kisi bolǵan. Anna urıwı on tórt urıw, qıtay qáwimine kiriwshi urıw bolıp tabıladı. Bul haqqında K.Mámbetov bılay jazıp ótedi «Qıtay urıwlarınıń tup saǵası Tánke. Onıń balası Toqpolat. Al bazıbir shejireshilerdiń aytıwına qaraǵanda Tánke menen Toqpolat aǵayinli Tánkeden Ayteke, Sheriwshi hám Anna tuwılǵan bolsa, Toqpolattan Quyın tuwıldı dep jorıydı.»[13] Dala jazıw materiallarımızǵa názer salatuǵın bolsaq Taxtakópirli Bekbawlı ulı Qudaybergennıń maǵluwmatlarına qaraytuǵın bolsaq, ol kisi tómendegishe bayanlaydı. «Qaraqalpaqdiń Anna, Quyın, Sheriwshi, Ayteke urıwlarınıń kelip shıǵıwı haqqında esitkenlerimdi aytpaqshıman. Bul qazaq xalqınıń batırı Janxoja degen batırı bolǵan hám sol batırdıń anası bessarı urıwınan bolǵan. Qaraqalpaqtıń bessarı urıwınıń babası bolǵan Wayis biy keyinshelik Orıs biy depta ataydı. Sol insan menen Janxoja jaqsı qatnasda boladı hám onıń uyıne tez-tezden qonaqqa kelip turatuǵın bolǵan. Kúnlerdiń bir kúni Janxoja Wayis biydiń qasına 12 jasarlı balanı ertip keledi. Wayis aǵa, bul bir jetim bala eken, jolda gezlesip edi. Bul balanıń atı Tańırbergen eken-deydi. Eger asrap alaman deseńiz men sizge taslap keteyin dep aytadı. Sonda Wayıs biy: álbette jetım bolsa ózim asırap-saqlayman, ózim tárbiyalayman dep aytadı. Sol jerde er jetip. Jigit boladı. Bir kúni Janxoja batır Wayis biydiń uyıne qonaq bolıp kelgeninde, Wayis biy Janxojaǵa mina bala erjetti endi uylendiriw kerek dep aytadı. Janxoja boladı aǵa uylendiremiz dep juwap qaytaradı. Aradan bir,eki ay ótkenen kiyin Janxoja qasına bir orıs qızın ertip keledi. Wayis biyge mına orıs qızı tutqınǵa túsip edi. Usı qızdı ayap sizge alıp keldım. Musulman xalqına orıs

---

[11] К.Мәмбетов «Тарийх төркинлери» Н.1999-ж

[12] Dala jazıwları. Orazbekov Perdebay. Tazǵara APJ

[13] К.Мәмбетов «Тарийх төркинлери» Н.1999-ж

qızına uyleniwge bolama dep, Janxoja Wayis biyden soraydı. Sonda Wayis biy álbette boladi. Bulda Qudaydıń bendesi, ózi jas qız bolsa dep juwap beredi eken. Tańirbergen júrgen waqtında eńkiyip juretuǵın eken. Wayis biy házillesip hay Tánke, sen nege eńkiyip juresen shalday bolıp ya shalsańba dep aytatuǵın eken. Basqalarda Tańırbergendi Tánkeshal dep aytıp laqab taqqan eken. Tankeden Anna, Sheriwshe, Quyın, Ayteke tuwıladı. Hayelinıń tolǵaǵı qattı kelip, bala ústinde qaytıs boladı. Hayalınıń ismi Anna boladı. Sonda Tánke jası úlkenler menen oylasıq qurıp tuwılǵan nárestege óziniń zayıbınıń ismin qoysaq qalay boladı dep oylasadı yaǵniy Anna dep qoysaq degen eken. Jası úlkenlerde bul pikirge qosıladı hám náresteniń ismin Anna dep qoyadı. Keyinshelik bul qaraqalpaq urıwınıń biri Anna urıwınıń babası boladı.» Sonday-aq házirgi kúnde talas bolıp ketti. Tánke bul qazaqtıń babası degen. Bıraq ol qazaqtıń babası bolsın, qaraqalpaqtıń babası bolsın ol qaraqalpaqtıń qolında tarbiyalanǵan, qaraqalpaqtıń duzın jegen insan bolǵan. Xalıqta usınday gáp bar "Perzent tuwǵantiki emes, baqqandiki".[14] Qudaybergen Bekbawlı ulınıń aytqan gápinde jan bar dep oylaymız. Joqarıda aytqanınday Wayis biy bessarı bolǵan. Demek, usı Wayıs biy Bessarılardıń túp babası bolıwı múmkin. Jánede Tazǵara APJ baslıǵı Orazbekov Perdebay Anna, Ayteke, Sheriwshi, Quyın urıwları haqqında da aytıp ótedi. «Bul urıwlar Ayteke, Sherıwshı, Quyın, Anna bir atanıń balaları yaǵniy olardıń atalaları Táneke bolǵan.Tánke sózı "murni ulken" degen mánisti bildiredi sonıń menen onıń ismi Tánkeshal dep atalıp ketken. Ol kisi aytadı men Aqtaw qalasına barǵanımda ol jerde men Shımbay awılında boldım dep aytıp ótedi. Ol jerde putkilley qaraqalpaq urıp-ádetleri sawlelengen jer eken, tek tılın aytpaǵanda. Sol jerde men byust kórdim hám ol byustke Ayteke biy dep jazıp qoyılǵan eken dep kórsetip ótedi. Men qızıqsınıp soraǵanımda bul biziń urıw degenimde bul Tánkeshaldıń balaları dep juwap bergen. Demek bizdegi urıwlar qazaqlarda belgili dárejede rol oynaǵan». [15]Joqarıda aytqanımızday biz hámiyshe Tánkeshaldı qaraqalpaq dep bilemiz. Tazǵara APJ bunnn tısqarı ***Sherıwshı, Quyın, Ayteke*** urıwları bolıp, olar Anna urıwı menen tuwısqan ol qaraqalpaqtıń on tórt urıw arısına, sonıń ishinde Qıtay qáwimine kıredi. Qazaqlardıń Kerey qáwimınıń ishinde Sheriwshi urıwı aytılǵan. ***Úlken Aralbay awılı*** bulda On tórt urıw arısınıń Qıtay qáwimine kiredi. Bul urıwdı tiykarınan jer-suw atamaları menen baylanıstıradı***. Yabı awılı-*** K.Mámbetovdıń aytıwınsha bul urıw On tórt urıw arısı, qıpshaq quramına kiredi. Qıpshaqlar negizinen on tórt urıw. Barlıq tiyreleri menen

[14] Dala jazıwları. Bekbawlı ulı Qudaybergen. Taxtakópir
[15] Dala jazıwları. Orazbekov Perdebay. Tazǵara APJ

qosıp esaplaǵanda qırıq úsh urıwǵa bólinedi. Qańlı siyaqlı Yabı urıwıda eń eski urıwlardıń biri. Sebebi bul qáwimler ataması Arab alımlarınıń IX ásirde dúzgen Qıpshaq qáwiminiń ensklapediyasinda da bar. Áyyemgi dúnya tariyxina málim bolǵan on bir qáwimniń ekewin Qańlı menen Yabı iyeleydi. Bunnan tısqarı IV ásirde usı eki qáwim ataması menen "Yabılar" hám "Qańlılar" dep atalǵan eki mámlekette bar edi. Yabılar batırlılıqtıń gilti bar dep táreyipleydi. [16]*Qıpshaq awılı* bulda qaraqalpaqlardıń belgili urıwlarınıń biri. Bul urıw túrk monǵollarınan kelip shıqqan degen xabar bar. Qaraqalpaq qıpshaqları on tórt urıwdıń quramına kiredi. On altı ata, jeti kóshe bolıp bólinedi. Qıpshaq urıwı onıń payda bolıwı haqqında kóplegen ańız-ańgımeler ushrasadı. Solardıń biri Rashid ad-Din tárepinen aytıp ótilgen "Oguzxan jeńilgen waqıtları, eki daryanıń arasında qalıp qoyadı. Sol waqıtta bir begi urısta álemnen ótedi hám onıń hayalı ol waqıtta júkli boladı. Ol hayal tolǵatadı hám terektıń quwısına barıp bosanadı keyinshelik onı Oguzxan esitedi hám men bul balanı asırap alaman deydi. Oguzxan bul balaǵa Qıpshaq dep at qoyadı.Shırıgen terek degenimiz túrk tılınde "Qıpshaq" dep ataladı.[17] Oguzxan jetpis eki jılǵa deyin Monǵol hám tatar óz suyıklleri edi. Olar menen urıstı jetpis ush jıl bolǵanda olardı bársheni óz awzına qaratıp musulman boldı. Qıtaydıń arǵı juzındegi teńiz jaǵasında berik tawlardıń ishinde kóp eller bar edi. Onıń patshasınıń atı Iyt Barakxan der edi.Onıń ústine bastırıp bardı. Urısta Iyt Barakxan ustın boldı. Xan qashtı urısqan jerdıń beri júzinde aǵıp turǵan eki ullı suw bar edi. Ol eki suwdıń arasında birneshe kún turıp, qashqan láshkerleriniń aldın hám artın jıynadı. Ullı patshalardıń ádetleri edi, uzaq saparǵa barǵanda kúshlerin (háyellerin) alıp júrmeklik. Nóker xalqınıń bazı birewleride alıp baradı. Oguzxannıń bir begi kushın alıp barǵan edi. Ózı urısta óldi. Qatını qutılıp eki suwdıń arasında xan izinnen jetti. Jukli edi. Tolǵaǵı tuttı. Kún suwıq edı. Kiretuǵın ab (úy) joq bir shirik aǵashtıń ishinde oǵlan tuwdı. Bunı xanǵa málim qılıp edi, xan ayttı: «Bunıń atası biziń aldımızdan óldi, ǵamxorı joq»-dedi. Aǵashtıń gewiginde tuwılǵanı ushın balanıń atın Qıpshaq qoydı. Qara xalıqtıń tili kelmegenlikten qoftı (q) shim dep oqiydı. Sol Qıpshaqtı Shishpaq deytuǵın boldı. Ol uǵlandı xan óz qolında saqladı. Jigit bolǵannan soń orıs hám ulaq hám mashar hám Bashqurt ellerine awıstı. Qıpshaqqa kóp el hám nóker berip, ol jaqqa Tın (Don) hám Atıl (Edil) suwınıń jaǵısına jiberdi. Tın hám Atıl ekewide ullı suwılardıń atıdur. Ush juz jıl Qıpshaq sol jerlerde patshalıq qılıp otırdı. Bárshe Qıpshaq onıń náslinen. Oguzxannıń zamanınan

[16] К.Мәмбетов «Тарийх төркинлери» Н.1999-ж
[17] Х.Короглы «Огузский гереоический эпос» М.1976

tap Shingizxannıń zamanına shekem Tın, Atıl, Jayıq suw boylarında Qıpshaqtan basqa el joq edi. Tórt mıńǵa jaqın jıl sol jerde otırdılar. Sonıń ushın ol jerlerdi Deshti Qıpshaq dep ataydı. Oguzxan Iyt Baraktı bastırǵannan keyin, on jıldan keyin taǵı atlanıp barıp, Iyt Baraxan menen urısıp Iyt Baraxandı óltirip, jurtın alıp, musulman bolǵanlarına tiymey tańrıge iyman keltırmegenlerdı óltirip, oǵlanların ásir qılıp, qaytıp eline quwıstı.[18] Uygır jazıwlarında Oguzxan Itil daryasına keledi hám ol daryadan ótiwge jol taba almay turadı hám sol waqıtta nókerlerinnen bolǵan Ordabek degen oǵlan tal aǵashlarınıń ortasın alıp taslaydı yáki bolmasa shirigen tereklerdıń ortası gewik halında boladı. Ulıwma aytqanımızda tal aǵashlarınnan Salı isleydi hám daryadan ótip aladı. Oguz sol adamǵa Qıpshaqbek dep at qoyadı hám onıń áwladları Qıpshaq qáwimine kiredi.[19] D.E.Eremeenov «Qıpshaqlar tariyxiy dereklerde qumanlar formasında tilge alınǵan ( basqa pikirlerge qaraǵanda quman yáki qubon qıpshaqlar quramına kirgen qáwim bolǵan) Quman “qum-man” yaǵniy qumreń (ashıq reńli adam) degen mánisti bildiretuǵın eken, bul bolsa qıpshaqlardıń orısshа atına tuwra keledi. Yaǵniy ***polavets-*** sarıǵısh degen sózge mas keledi. Tariyxdan málim bolıwınsha qıpshaqlar kózi kók, shashı sarı, sarıdan kelgen adamlar bolǵan »[20] Taǵıda Qıpshaq qáwimi haqqında tariyxiy maǵluwmatlarǵa qaytatuǵın bolsaq, Qıpshaq qáwimleriniń tariyxı oǵada erte zamanlardan málim. Bul atama biziń ásirimizdiń birinshi jıllarında payda bolıp, Orta Aziya hám Aral boyları IX-XII ásirlerde Qıpshaqlar mámleketi (Deshti Qipshaq) atanǵan. Anıǵınan kelgende házirgi turkiy tilindegi xalıqlardıń kópshiligi Qıpshaq taypasınan shıqqan. Yaǵniy bul Mońǵollardan burıńǵı eń qudretli mámleket. Al qaraqalpaq qıpshaqları bolsa, solardıń bir bólegi. Sonıń ushında Qıpshaq qáwimleriniń qashan payda bolǵanlıǵı haqqında pikir júrgiziw qıyın. Qıpshaqlar basqa túrkiy xalıqlar arasında da bar. Biraq qaraqalpaq qıpshaqları ózleriniń qáwim birligin tutas saqlap qalǵan. Ózlerine sáykes jer, urıw atamalarına iye. Tamǵası boyınsha álip (I), uranı boyınsha Toqsaba. Alımlardıń pikiri boyınsha bir tayaqsha hámme ásirlerde da birinshiliktiń maǵanasın ańlatqan. Soǵan qarap biz birinshi qáwim bolǵanbiz dep aytpaqshı bolǵanba? Yáki háripti. Yáki háriptiń bası “álip” degendey biz bas urıwmız dep aytpaqshı bolǵanba? Qullası olardıń tańbasında eskilikti bildiriwshi belgiler bar. Bunday jaǵdaydı qıpshaq

[18] Абулғазы «Турклер шежиреси» Н.1994
[19] Х.Короглы «Огузский гереоический эпос» М.1976
[20] S.Qoraev «Toponimika» T.2006

taypasına kiretuǵın ayrım urıwlar tariyxıda tastiyiqlaydı. Al uranı boyınsha Toqsaba. Yaǵniy qımız quyatuǵın gubı. Bul haqqında Berdaq óz shejiresinde:

Qıpshaq hám yilqi jiynadı,
Jelige qulın bayladı,
Qımız sabasın sayladı,
«Toqsaba»uran bolǵan eken.

- dep jazadı Berdaq.

Qıpshaqlar negizinen on tórt urıw Barlıq tiyreleri menen sanaǵanda qırıq ush urıwǵa bólinedi. Keyingi etnooykonimikalıq orın bul- Kepe sheriwshi awılı bul awılı eki urıwdıń qosılıwınan jasalǵan. ***Kepe urıwı*** On tórt urıw arısınıń Qıtay qáwimine tiyisli. Kepe urıwı haqqında aytpasımızdan burın ***Mańǵıt*** etnotoponimikası haqqında aytıp ótsem. Bunıń sebebi Shımbay etnotoponimikasi arasında Mańǵıt qáwimi ushramaydı. Bıraq bul etnotoponim júda úlken kúshke iye, óziniń ózgeshe tariyxi bar bolǵan qáwimlerdiń birewi sanaladı. Keneges-mańǵıt jupkerlesip kelgen qáwim bolıp, tariyxi qıtay-qıpshaq siyaqlı erte dáwirlerden baslanbaǵanı menen túrkiy-manǵol toparınıń eń genjesi bolıp esaplanadı. Bul qáwimler XI-XIII ásirde dereklerinde ushraǵanı menen qıpshaq hám qońırat taypalarınıń quramına kirgen. Al XIII ásirde mongol atlanısınan keyin ásirese mańǵıtlar júda aktivlasıp ketti. Qaraqalpaq arısınıń oń qanatı Qońırattıń qolında bolǵanı menen shep qanatınıń biyligi ushın gures ádewir erteden baslandı. Bul jolda belgili tórt qáwimde óz ornı bar. Tórtewi birikken menenda báribir hárbir qáwim arıs kósemi bolıw ushın háreketet etedi. Usı jaǵdaydan qaraǵanda arıs kósemligi dáslep Qıtay menen Qıpshaqqa tiyislı bolǵan. Al Monǵollar dáwirine kelgende eki arıstıń jılawıda Mańǵıtlar qolına ótip ketedi. Solay etip hátte qaraqalpaqlardıń ózlerinda mańǵıtlar dep atay baslaǵan. Tariyxshılar bunıń eń baslı sebebin Monǵollar arasında da Mańǵıtlar dep atalǵan taypanıń bolıwında dep túsinedi. Negizinde da solay bolsa kerek. Sebebi Altın Ordadaǵı eń birinshi Túrk qáwimler birlespesi Mańǵıtlar taypasınan shıqqan Noǵaydıń basshılıǵında XIV ásirde quralǵan. Noǵay birese Túrk, birese Monǵol dep ataladı. Ol Túrkpe yákı ol Monǵolma báribir eki qáwim arasında óziniń quwatlawın tapqan. Tap usınday múmkinshilik Qońırat qáwiminde da bar edi. Biraq Noǵay ámir atalıp ketkenligi ushın kópshilik qáwimlerdıń soǵan qol bermewge ilajı bolmay qaldı. Bunnan keyin Edige, Nuratdin hám Oqqas ámirleriniń payda bolıwı Mańǵıtlardıń abıroyın jánede kúsheytip jiberdi. Sol tiykarda Mańǵıtlar XV ásirde qaraqalpaqlar arasınıń shep qanatın iyelew menen birlikte XV-XVI

ásirlerde pútkil xalıq atamasın óz ataǵına ótkeriw ushın háreket jasaydı. Sol dáwirdegi Mongol siyasatın esapqa alǵanda bul pikirge tolıq qosılıwǵa boladı. Bunnan tısqarı sol dáwirdıń tariyxiy shınlıǵınıń ózide bul hadiyselerdi anıq dálileydi. Sonıń ushın Mańǵıtlar barlıq shejirelerde de ullı arıs bolǵan Qońıratlar menen teń huquqlı halında suwretlenedi. [21]Máselen Berdaqtıń shejiresinde:

Qońırat taptı bir arısın,
Mańǵıt taptı bir arısın,
Ózge aǵashtıń bárisin,
Ózgelerge salǵan eken.

Yáki bolmasa Berdaq:

Teke, Kene, biri Mańǵıt,
Mańǵıt degen gúlli Mańǵıt.[22]

-Dep jazıp, Mańǵıtlardıń júda kóp bolǵanlıǵın aytpaqshıda bolǵan. Sonıń menen bir qatarda S.Qoraevdıń miynetinde berilip ótilgen. «Qaraqalpaqlardıń Qıtay qáwimi arasında Kepe urıwı dizimge alınǵan » - dep aytıp ótken.[23] Sonıń menen qatar Shımbay rayonındaǵı Sherıwshı awılınıń turǵını Maxset Saparov S.Qoraevdiń pikirindey pikir bildirip ótedi. Yaǵniy Sherıwshıler eki bólined birinshisi bul- Sherıwshı, al ekinshisi bul- Kepe sherıwshı. Bul eki urıw bir-biri menen qız alıspaydı, sonday-aq Aytekeler menen qudalıq baylanıs qılınbaydı- dep ákem aytqan edi deydi. Bıraq eki urıwdıń qoyımshılıǵı bólek jaylasqan- dep kórsetip ótti. [24]

***Taylaq awıl*** haqqında eki túrli kóz qaras bar. Bulardıń birinshisi, G.Ábishov tárepinen aytılǵan bolıp, ilimiy sıpatqa iye. Yaǵniy, «***Taylaq***-qaraqalpaq urıwlarınıń biri- dep kórsetip ótken.» [25] Sonıń menen bir qatar ilimpaz S.Qoraev tárepinende bul toponimge túsindirme beriledi. «***Taylaq***-awıl Shımbay rayonı. Jańa tuwılǵan tuye balası, bir jasqa shekemgi botalaq, bir jastan assa taylaq dep aytıladı. Bul awıl qaraqalpaqlardıń taylaq urıwı atı menen ataladı. Ózbek, qazaq, qırǵızlar, turkmenler quramında da taylaq urıwı bar. Aral teńizinde bir aral ***Taylaqjegen*** dep atalǵan.» [26]Xalıq arasında júrip Taylaq awıl tuwralı usı awıldıń turǵını hám mollası Asamatdin Nájim ulı bılay dep táriyip beredı. «Bizlerdıń Taylaq awılımızda úlken dáwdey kisi bar edi hám bizlerdıń ákelerimiz usı insandı Taylaq dep shaqıratuǵın

[21] К.Мәмбетов «Тарийх төркинлери» Н.1999-ж
[22] Бердах «шежире»
[23] С.Қораев « Узбекистон вилоятлар топонимлари» Т.2005
[24] Dala jazıwları.M.Saparov. Tazǵara APJ
[25] Қ. Пахратдинов. Г.Абишов «Қарақалпақстан топонимлери сөзлиги» Н.2021
[26] S.Qoraev «Toponimika» T.2006

bolǵan. Bizlerdiń awılımızdıń atı heshqanday urıw menen baylanıspaydı»[27]dep aytıp ótti. Jáne bir boljaw P.Orazbekov aytıp ótedi «Bul awıl qasında qazaq awıl jaylasqan hám birkúnleri házirgi Taylaq dep atalıwshı awılǵa bir túye kelip balalaydı. Sońınan anaw qaysı awıl dep adamlar sorasa taylaq tuwılǵan awıl dep juwap bergen sonıń menen ol jer taylaq awıl bolıp atalıp ketken.» Demek, urıw menen baylanıstıratuǵın bolsaq urıwdıń qaysı qáwim yáki tiyrege tiyisli ekenligi namalim. P.Orazbekovdi maqullaytuǵın bolsaq, jańa tuwılǵan tuyenıń balası taylaq dep atalmaǵan. Jańa tuwılǵan tuyenıń balası botalaq dep atalǵan. Bul boljawlardan sol awıl turǵını Asamatdin Nájim ulınıń gápi haqiyqatlıqqa jaqın keledi. Demek, bul heshqanday etnotoponim emes.

## Ádebiyatlar:

1.Қ. Пахратдинов. Г.Абишов «Қарақалпақстан топонимлери сөзлиги» Н.2021
2.М.Нызамов «Қарақалпақлар» биринши бөлим. Н.2020-ж
3.К.Мәмбетов «Тарийх төркинлери» Н.1999-ж
4.Dala jazıwları. Orazbekov Perdebay. Tazǵara APJ
5.Dala jazıwları.M.Saparov. Tazǵara APJ
6.Dala jazıwları. Asamatdin Nájim ulı. Tazǵara APJ

[27] Dala jazıwları. Asamatdin Nájim ulı. Tazǵara APJ